

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa salah sahiji alat komunikasi nu pangefektifna. Ngaliwatan basa, hiji jalma bisa ngebrehkeun rasa, ngamalirkeun idé, ngaluyukeun diri (adaptasi) jeung lingkungan sosialna. Ku lantaran kitu, unggal individu diperedih pikeun nyangking hiji basa sangkan manéhna mampu nepikeun sagala hal anu aya dina haté jeung pikiranana nu satuluyna bisa ngayakeun interaksi, jeung individu sejenna.

Nurutkeun Sudaryat (1991:1) dina bukuna *Pedaran Basa Sunda* nétélakeun yén basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

Basa Sunda minangka basana urang Sunda mibanda kalungguhan nu penting dina komunikasi masyarakat Sunda, tur kaayaan tétép dimumulé sarta digunakeun dina kahirupan sapopoé. Ieu hal luyu jeung UUD 1945 Bab XV, Penjelasan Pasal 36 nu ditétélakeun saperti ieu di handap.

Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri, yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik-baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura, dan sebagainya) bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara juga oleh negara. Bahasa-bahasa itupun merupakan bagian kebudayaan Indonesia yang hidup.

Ku ayana kalungguhan basa saperti nu diébréhkeun di luhur, tétéla pentingna miara tur ngamumulé basa téh. Pokona pentingna saperti katerangan hiji paribasa anu unina yén ”*basa téh ciciren bangsa.*” Upama dilenyepan deui, éta paribasa téh mibanda harti yén basana hiji bangsa mangrupa ciri ayana bangsa. Ku lantaran kitu, hirupna hiji bangsa téh gumantung kana pangmumulé basa Sunda sangkan salawasna teu tilem tur teu kalindih ku basa sején, nya éta ku cara ngagunakeunana dina kahirupan sapopoé.

Salah sahiji ciri basa téh nya éta arbitér jeung konvénsional. Éta ciri téh bisa ogé dipaké dina basa daérah kaasup basa Sunda. Salaku salah sahiji basa daérah di Indonesia, basa Sunda miboga pangaruh anu kawilang gedé kana polotik basa nasional, nya éta jadi lambang kareueus daérah, jadi lambang idéntitas, pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daérah, basa panganteur di sakola dasar ti mimiti kelas 1 nepi ka kelas 3, pangrojong basa nasional, jeung pamekar kabudayaan daérah (Prawirasumantri, 1990:21).

Upama ditilik tina média komunikasi anu dipakéan, aya média komunikasi basa lisan jeung media komunikasi tulisan. Wangun basa lisan bisa kapanggih

saperti dina ceramah, pengumuman, pidato, jeung sawala. Ari wangun basa tinulis bisa kapanggih dina buku-buku téks, kalawarta, majalah, novel, jeung carpon. Boh basa lisan boh basa tinulis bisa dipaké dina prosés komunikasi. Ari wujudna mangrupa wacana anu disusun dina runtuyan kalimah-kalimah. Nya ngaliwatan éta gunggung kalimah, tujuan atawa amanat nu hayang ditepikeun ku panyatur ka paregep téh bisa katangkep eusina.

Dumasar kana ciri fungsi basa, basa diwangun ku dua lapisan nya éta lapisan lahir (*surface structure*), jeung lapisan batin (*deep structure*). Lapisan lahir/wangun ngawengku du tahapan, nya éta wangun gramatik (katatabasaan) nu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap jeung morfem; wangun fonologik anu ngawengku engang, foném, jeung sora. Lapisan eusi mangrupa harti atawa ma'na (Sudaryat, 1997:6).

Ieu panalungtikan patali jeung salah sahiji widang sintaksis, nya éta kalimah. Dina hal ieu kalimah mangrupa wangun katatabasaan anu maksimal, anu jadi bagian pangleutikna tina wacana anu ngandung pikiran anu lengkep, anu diwatesan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu relatif éta konstruksi téh bisa mandeg mandiri (Prawirasumantri, 2000:12).

Réa pisan panalungtikan nu patalina jeung kalimah téh diantaranya “Unsur Fungsional Udagan jeung Palengkep dina *Kumpulan Carita Pondok Kanyaah Kolot Karangan Karna Yudibrata*”(Ani Kurniani, 2001), “Unsur Fungsional Katerangan dina *Kumpulan Carita Pondok Lembur Singkur Panineungan Karangan Eddy D. Iskandar*” (Dewi Kania, 2001), “Unsur Fungsional Jejer dina Novel Mugiri Karangan Siswa SLTP 2 Mei Banjaran” (Rina Hasanah, 2001),

Adegan Kalimah Pananya dina Novel “Lain Éta Karangan Joehana” (Tejaningrum, 2002), Kalimah Pananya dina Novel “Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma” (Sukaesih, 2005). Éta panalungtikan ngan medar ngeunaan salah sahiji unsur fungsional klausa (kalimah) wungkul, ari anu patali jeung kalimah langsung mah can aya nu medar, jadi dina ieu panalungtikan téh rék dipedar ngeunaan Kalimah Langsung.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Kalimah téh nya éta wangun basa miwujud kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembleng, diwatesanan ku randegan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naek; wangun bas anu binarung ku lentong (intonasi). Kalimah bisa diulik tina rupa-rupa jihat kayaning wangun jeung fungsina. Kalimah langsung bisa ditinggali dina jumlah, ciri, adegan, fungsi, jeung harti. Tina ieu panalungtikan mung dipedar tilu masalah ngeunaan adegan, fungsi, jeung ma`na kalimah langsung.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah diluhur, aya sawatara masalah téh ditepikeun ku wangun patalekan di handap ieu.

- 1) Kumaha adegan kalimah langsung nu aya dina éta novel?
- 2) Kumaha fungsi kalimah langsung dina éta novel?
- 3) Kumaha ma`na kalimah langsung nu aya dina éta novel?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang, rumusan masalah diluhur, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun :

- 1) Adegan kalimah langsung dina éta novel,
- 2) Fungsi kalimah langsung dina éta novel, jeung
- 3) Ma'na kalimah langsung dina éta novel.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan kalimah langsung dina Novel Nganteurkeun téh miboga sawatara mangpaat, diantaranya ieu dihandap :

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis pikeun paelmuan tata basa Sunda, ieu panalungtikan mangrupa input nu kawilang pentingna enggoning ngaguar salah sahiji wangun élmu katatabasaan.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis pikeun nu maca hususna para mahasiswa jurusan Basa Sunda, ku ayana ieu panalungtikan, pangaweruh ngeunaan salah sahiji wangun tata basa Sunda nya éta kalimah langsung jadi leuwih jembar.

1.5. Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan téh miang tina anggapan dasar ieu dihandap.

- 1) Kalimah langsung aya dina makena basa Sunda boh lisan boh tulisan.
- 2) Kalimah langsung remen digunakeun dina komunikasi basa sapopoé.

- 3) Kalimah langsung bisa dianalisis, dumasar kana jihat adeganana, tujuan, jeung ma'nana.
- 4) Novel mangrupa salah sahiji wangun wacana fiksi, anu dijerona ngagunakeun wanda kalimah langsung.
- 5) Novel, ungkara makéna basa ragam tulis, ngandung rupa-rupa kalimah, kecap jeung kalimah langsung.

1.6. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.6.1. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan kacida nangtukeunana dina ngumpulkeun data bakal méré pituduh dina ngalaksanakaeun panalungtikan. Prosédurna: data anu kumaha waé nu kudu dikumpulkeun, alat naon baé jeung nu kumaha nu kudu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, sakumaha lobana data anu diperlukeun, nyusun papasinganm jeung kumaha éta data téh dipadungdengkeun.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu bisa ngumpulkeun pasualan nu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, jeung nafsirkeun data.

Alesan ngagunakeun méthode déskriptif, lantaran luyu jeung tujuan nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta hayang ngadéskripsikeun ngeunaan kalimah langsung nu aya dina Novél Nganteurkeun karangan Usep Romli HM.

1.6.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya eta téhnik dokumentasi atawa analisis téks. Hal ieu dilantarankeun data panalungtikan téh mangrupa data anu tinulis, nya éta Novél *Nganteurkeun* karangan Usep Romli HM.

1.7. Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kalimah langsung dina Novel *Nganteurkeun* karangan Usep Romli HM.

